

**SESAMBETAN ANTAWISIPUN *IQ* LAN KASUGIHANING
TEMBUNG KALIYAN ASIL SINAU NYERAT PENGALAMAN
PRIBADI SISWA KELAS 7 SMP NEGERI 4 BOYOLALI
WARSA PAMULANGAN 2013/2014**

TESIS

**Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Magister
Program Studi Magister Pendidikan Bahasa**



**Dening
JUMALI**

NIM 13PSC 01537

**PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN
2015**

PASARUJUKAN

SESAMBETAN ANTA WISIPUN IQ LAN KASUGIHANING
TEMBUNG KALIYAN ASIL SINAU NYERAT PENGALAMAN
PRIBADI SISWA KELAS 7 SMP NEGERI 4 BOYOLALI WARSA
PAMULANGAN 2013/2014

Dening

JUMALI

NIM 13PSC01537

Sampun kasarujuki dening Tim Pembimbing

Kalenggahan

Asma

Tapak asma

Titimangsa

Pembimbing I

Dr. H. Basuki, M.M.

NIP 195403121980031003

Y.A 2015
.....
TJ - 1/4.2015

Pembimbing II

Dr. Sutrisno Badri, M.Sc.

NIK 690208290

Ngawuningani

Sesepuh Program Studi Pendidikan Bahasa






Dr. Dwi Bambang Putut Setiyadi, M.Hum
NIP 19600412 198901 1 001

PANGESAHAAN

**SESAMBETAN ANTAWISIPUN IQ LAN KASUGIHANING TEMBUNG
KALIYAN ASIL SINAU NYERAT PENGALAMAN PRIBADI SISWA
KELAS 7 SMP NEGERI 4 BOYOLALI WARSA PAMULANGAN 2013/2014**


Dening
JUMALI
NIM 13PSC 01537

Sampun dipunsarujuki saha dipunsahaken dening Tim Pengaji :

Jabatan	Nama	Tapak Asma	Tanggal
Pangarsa :	Dr.Dwi.Bambang Putut Setiyadi, M.Hum NIP 19600412 198901 1 001	
Panitra :	Dr. Hersulastuti, M. Hum. NIP 19650421198703 2 002		13/5/2015
Pengaji I:	Dr. H. Basuki, M.M. NIP 195403121980031003		13/5/2015
Pengaji II:	Dr. Sutrisno Badri, M.Sc NIK 690208290		13/5/2015

Kauningan,

Ketua Program Studi



Dr. Dwi Bambang Putut Setiyadi, M.Hum
NIP 19600412 198901 1 001



Horman J. Waluyo, M.Pd
PROGRAM PTKP
NIK 690208290

MOTTO

Ing ngarsa sung tuladha, ing madya mangun karsa,
tutwuri handayani
(Ki Hajar Dewantoro)

Lan aja nalimpang padha
mring leluhur dhingin-dhingin
satindake den kawruhan
ngurangi dhahar lan guling
nggone ambanting dhiri
amasuh sariranira
temune kang sinedya
mungguh wong nedheng Hyang Widhi
lamun temen lawas-enggale tinekan

(Pupuh Sinom pada VI, Wulangreh Sri Susuhunan Pakubuwana IV)

PISUNGSUNG

Tesis menika kula pisungsungaken dhumateng:

- Ibu, kula ingkang sampun paring donga lan pangestu, paring panjurung amrih kasembadaning sedya, jumbuh kang ginayuh, basuki kang kaesthi.
- Semah, lan anak-anak kula ingkang sampun nuwuhaken daya pangaribawa, greget, tekad ingkang kiyat, ingkang mahanani kasembadaning panjangka.
- Kulawarga ageng SMP Negeri 1 Cepogo lan SMP Negeri 4 Boyolali

DHAFTAR ISI

IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PENGESAHAN	iii
PRATELA	iv
MOTTO	v
PISUNGSUNG	vi
ATUR PANGLANTAR	vii
DHAFTAR ISI	ix
DHAFTAR TABEL	xii
DHAFTAR GAMBAR	xiii
DHAFTAR LAMPIRAN	xiv
SARI PATHI.....	xv
ABSTRAK	xvi
ABSTRACT	xvii
BAB I. PURWAKA	1
A. Lelarahing Prakawis	1
B. Identitasing Prakawis	8
C. Watesaning Prakawis	9
D. Rumusaning prakawis	9
E. Ancasing Panaliten	9
F. Mumpangating Panaliten	10

BAB II. LAMBARAN TEORI, PANALITEN INGKANG GAYUT,

LAN RAGANGAN PAMIKIR	11
A. Lambaran Teori.....	11
B. Panaliten ingkang Gayut	56
C. Ragangan Pamikir	57
D. Hipotesis	58

BAB III. METODOLOGI PANALITEN 59

A. Wujud lan Strategining Panaliten	59
B. Objek, Papan saha Wekdaling Panaliten.....	59
C. Variabel Panaliten	60
D. Definisi Operasional	61
E. Populasi saha Sampel Panaliten	62
F. Teknik lan Pangempalan Data	64
G. Validitas lan Reliabilitas Instrumen.....	70

BAB IV. PIKANTUKIPUN DHATA SAHA PANGONCEKANIPUN .. 83

A. Dhata ingkang Kapanggihaken	83
1. Deskripsi Dhata	83
2. Uji Validitas lan Reabilitas	89
3. Uji Persyaratan Analisis	93
4. Uji Koefisien Determinasi	100
5. Uji F	101
B. Pangoncekan.....	101

BAB V. PANUTUP	104
A. Dudutan	104
B. Implikasi	105
C. Pamrayogi	106
KAPUSTAKAN	109
LAMPIRAN	112

DHAFTAR TABEL

1. Tabel 3.1 Kisi-Kisi Tes Kasugihaning Tembung.....	60
2. Tabel 3.2 Kisi-Kisi lan Pambijining Asil Sinau Nyerat Peng Pengalaman Pribadi.....	69
3. Tabel 4.1 Tabel Frekuensi Asil Nyerat Pengalaman Pribadi	84
4. Tabel 4.2 Tabel Frekuensi Kasugihaning Tembung	86
5. Tabel 4.3 Tabel Frekuensi IQ	88
6. Tabel 4.4 Asil Uji Validitas	90
7. Tabel 4.5 Asil Uji Reabilitas	93
8. Tabel 4.6 Asil Uji Normalitas	94
9. Tabel 4.7 Asil Uji Hipotesis I	96
10. Tabel 4.8 Asil Uji F	96
11. Tabel 4.9 Asil Uji Hipotesis II	97
12. Tabel 4.10 Asil Uji F	97
13. Tabel 4.11 Analisis Regresi Berganda	97
14. Tabel 4.12 Uji Multikolinieritas	99
15. Tabel 4.13 Uji Multikolinieritas ing SPSS	99

DHAFTAR GAMBAR

1. Gambar 4.1 Histogram Frekuensi Skor Asil Sinau Nyerat Pengalaman Pribadi	84
2. Gambar 4.2 Histogram Frekuensi Skor Kasuguhaning Tembung	85
3. Gambar 4.3 Histogram Frekuensi IQ	88

DAFTAR LAMPIRAN

1.	Lampiran 1. Uji Normalitas	112
2.	Lampiran 2. Deskriptif Statistik IQ	113
3.	Lampiran 3. Data Deskriptif Kasugihaning Tembung.....	114
4.	Lampiran 4. Data Deskriptif Asil Sinau Nyerat Pengalaman Pribadi	115
5.	Lampiran 5. Analisis Korelasi Sederhana IQ kaliyan Asil Nyerat Pengalaman Pribadi.....	116
6.	Lampiran 6. Analisis Korelasi Sederhana Kasugihaning Tembung kaliyan Asil Nyerat Pengalaman Pribadi Pribadi.....	117
7.	Lampiran 7. Asil Analisis Regresi Linier Ganda Y atas X ₁ ,X ₂	118
8.	Lampiran 8. Asil Analisis Regresi Linier Y atas X ₂	119
9.	Lampiran 9. Asil Analisis Regresi Linier Y atas X ₁	120
10.	Lampiran 10. Uji Multikolinieritas.....	121
11.	Lampiran 11. Data Induk	122
12.	Lampiran 12. Data Validitas Instrumen	124
13.	Lampiran 13. Uji Validitas Instrumen	129
14.	Lampiran 14. Uji Realibilitas	154
15.	Lampiran 15. Asil Uji Realibilitas	156
16.	Lampiran 16. Laporan Hasil Tes IQ	157
17.	Lampiran 17. Soal Kasugihaning Tembung	171
18.	Lampiran 18. Lembar Wangsulan Kasugihaning Tembung	175
19.	Lampiran 19. Lembar Pakaryan Nyerat Pengalaman Pribadi	185
20.	Lampiran 20. Lembar Wangsulan Instrumen Validitas	191

SARI PATHI

Jumali. 13PSC01537. 2015. *Sesambutan Antawisipun IQ lan Kasugihaning Tembung kaliyan Asil Sinau Nyerat Pengalaman Pribadi Siswa Kelas 7 SMP Negeri 4 Boyolali Warsa Pamulangan 2013/2014.* Tesis: Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten

Panaliten punika kanthi ancas: 1) kangge mangertosi wonten lan mbotenipun sesambutan IQ kaliyan asiling sinau nyerat pengalaman pengalaman pribadi; 2) kangge mangertosi wonten lan mbotenipun sesambutan antawisipun kasugihaning tembung kaliyan asiling sinau nyerat pengalaman pengalaman pribadi; 3) kangge mangertosi sesambetanipun IQ lan kasugihaning tembung kanthi sareng-sareng kaliyan asiling sinau nyerat pengalaman pribadi.

Panaliten punika katindakaken ing SMP Negeri 4 Boyolali tumrap siswa kelas 7. Metode panaliten punika asifat observasional, kanthi gunggung sampel panaliten kathahipun 65 responden siswa. Teknik sampling ingkang kaginakaken inggih punika teknik acak (random sampling) kanthi cara tradisional (lotre), kanthi tetimbangan bilih sedaya subjek panaliten kaanggep sami, panaliti paring hak ingkan sami, saben anggota populasi pikantuk kalodhangan kapilih dados sampel. Pikantukipun dhata panaliten kanthi migunakaken tes, inggih punika tes IQ, tes objektif bab kasugihaning tembung lan tes nyerat pengalaman pribadi. IQ lan kasugihaning tembung minangka variabel bebas, dene asil sinau nyerat pengalaman pribadi minangka variabel terikat. Metode statistik kangge mangsuli ancasing panaliten inggih punika analisis regresi bergandha.

Asiling panaliten saget kapendhet dudutan bilih: 1) wonten sesambutan ingkang positif lan signifikan ing antawisipun IQ kaliyan asil sinau nyerat pengalaman pribadi, kabukten positif, t hitung (24,881) > t tabel (1,99), signifikan F hitung (619,007) > Ftabel (3,99); 2) wonten sesambutan ingkang positif lan signifikan ing antawisipun kasugihaning tembung kaliyan asil sinau nyerat pengalaman pribadi. Positif, jalaran t hitung (22,051) > t tabel (1,99), signifikan Fo (486,2) > Ft (3,99); 3) kanthi sareng-sareng IQ lan kasugihaning tembung ugi wonten sesambetanipun kaliyan asil sinau nyerat pengalaman pribadi ingkang positif lan signifikan. Asil analisis regresi ganda kapanggihaken koefisien determinasi = 0.912. Mujudaken sesambutan ingkang positif. Ing uji F, kapanggihaken bilih Fo 322,408 > Ft 3,15, pramila sesambetanipun signifikan.

Wosing tembung: IQ, kasugihaning tembung, asil sinau

ABSTRAK

Jumali. 13PSC01537. 2015. *Hubungan antara IQ dan Penguasaan Kosakata dengan Hasil Belajar Menulis Pengalaman Pribadi Siswa Kelas 7 SMP Negeri 4 Boyolali Tahun Pelajaran 2013/2014.* Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.

Penelitian ini bertujuan: 1) untuk mengetahui ada dan tidaknya hubungan antara IQ dengan hasil belajar menulis pengalaman pribadi; 2) untuk mengetahui ada dan tidaknya hubungan antara penguasaan kosakata dengan hasil belajar menulis pengalaman pribadi; 3) untuk mengetahui hubungan IQ dan penguasaan kosakata dengan hasil belajar menulis pengalaman pribadi secara bersama-sama.

Penelitian itu dilaksanakan di SMP Negeri 4 Boyolali terhadap siswa kelas 7. Metode penelitian ini bersifat observasional, dengan jumlah sampel penelitian sebanyak 65 responden siswa. Teknik sampling yang digunakan adalah teknik acak (random sampling) dengan cara tradisional (lotre), dengan pertimbangan bahwa semua subjek penelitian dianggap sama, peneliti memberi hak yang sama, setiap anggota populasi mendapat kesempatan yang sama untuk dipilih menjadi sampel. Data penelitian diperoleh dengan menggunakan tes, yaitu tes IQ, tes objektif penguasaan kosakata dan tes menulis pengalaman pribadi. IQ dan penguasaan kosakata sebagai variabel bebas, sedangkan hasil belajar menulis pengalaman pribadi sebagai variabel terikat. Metode statistik untuk menjawab tujuan penelitian yaitu analisis regresi berganda.

Hasil penelitian dapat diambil simpulan bahwa: 1) ada hubungan yang positif dan signifikan antara IQ dengan hasil belajar menulis pengalaman pribadi, terbukti positif, t hitung ($24,881 > t$ tabel ($1,99$)), signifikan F hitung ($619,007 > F$ tabel ($3,99$)); 2) ada hubungan yang positif dan signifikan antara penguasaan kosakata dengan hasil belajar menulis pengalaman pribadi. Positif, karena t hitung ($22,051 > t$ tabel ($1,99$)), signifikan F ($486,2 > F$ ($3,99$)); 3) secara bersama-sama IQ dan penguasaan kosakata ada hubungan dengan hasil belajar menulis pengalaman pribadi yang positif dan signifikan. Hasil analisis regresi ganda didapatkan koefisien determinasi = 0.912 merupakan hubungan yang positif. Pada uji F , ditemukan bahwa F ($322,408 > F$ ($3,15$)), maka hubungannya signifikan.

Kata kunci: IQ, kosakata, hasil belajar.

ABSTRACT

Jumali. 13PSC 01537. *The Relationship between IQ and Vocabulary with Writing Learning Achievement of personal Experience of the Seventh Grade Students of SMP Negeri 4 Boyolali in the Academic Year of 2013/2014.* Thesis. Language Education Programme, Magister Programme Widya Dharma University.

This research is aimed: 1) to know there are or there are not relationship between IQ with the writing learning achievement of personal experience; 2) to know there are or there are not relationship the vocabulary mastery with the writing learning achievement of personal experience. 3) to know the relationship between IQ and the vocabulary mastery simultaneously to the writing learning achievement of personal experience.

This research was conducted in SMP Negeri 4 Boyolali to the seventh grade students. The method of this research is observational characterized with the sum of research sample 65 student respondents. The sampling technique used is random sampling with traditional way that is lottery, with the assumption that all subjects are the same, the researcher gave the same right, every member of the population got the same chance to be chosen as sample. The research data was obtained by using test that is IQ test, objective test of vocabulary mastery and writing test of personal experience. IQ and the vocabulary mastery as free variable, while the writing learning of personal experience is as attached variable. The statistic method to answer the aim of the research is multiple regression analyses.

The result of the research can be concluded that: 1) there is a positive and significant relationship between IQ and the writing learning of personal experience, It is proved positive, $t_{hitung} (24,881) > t_{table} (1,99)$, significant $f_{hitung} (619.007) > f_{table} (3.99)$; 2) there is a positive and significant relationship between the vocabulary mastery with the writing learning achievement of personal experience. Positive because $t_{hitung} (22.051) > t_{table} (1.99)$, significant because $f_{hitung} (486.2) > f_{table} (3.99)$; 3) Simultaneously IQ and the vocabulary mastery has the relationship with the writing learning of personal experience positively and significantly. The result of multiple regression analysis is obtained determination coefficient 0.912 is positive relationship. At the f exam was found that $f_{hitung} 322.408 > f_{table} 3.15$ so the relationship is significant.

Key words: IQ, the vocabulary mastery, the learning achievement

BAB I

PURWAKA

A. Lelarahing Prakawis

Katrampilan basa menika wonten 4, inggih menika katrampilan mirengaken, maos, micara lan nyerat. Nyerat mujudaken salah satunggaling katrampilaning basa ingkang kaginakaken kangge sarana sesambutan ing panggesangan sadinten-dinten, kanthi mboten langsung, umpaminipun nyerat serat ijin rikala para siswa boten saget bidhal sekolah, nyerat pariwara utawi warawara ing majalah utawi ing majalah dinding, lan sanes-sanesipun. Katrampilan nyerat boten kawon gina lan paedahipun kaliyan katrampilan basa sanesipun (maos, mirengaken, lan micara).

Katrampilan nyerat menika prelu sanget, amargi mujudaken katrampilaning basa ingkang kedah dipunwulang wurukaken dhateng para siswa. Katrampilan nyerat mujudaken salah satunggal saking sekawan katrampilaning basa ingkang nomer sekawan ingkang sakalangkung angel katandhingaken katrampilan sanesipun. Katrampilan nyerat mujudaken katrampilan ingkang, beda kaliyan katrampilan maos lan mirengaken. Katrampilan maos lan mirengaken namung asifat *reseptif* (nampi/migunakaken kemawon). Katrampilan nyerat nyerat asifat *aktif* (mbetahaken daya pamikir ingkang saestu-estu) lan *produktif* (ngasilaken barang), nadyan mekaten katrampilan nyerat saestu wonten pangaribawanipun punapa dene sesambetanipun kaliyan aspek katrampilan maos,

pemahaman/kasugihaning tembung utawi *kosakata*, lan pamilihing tembung utawi *diksi*, lan ugi wonten sesambutanipun kaliyan aspek katrampilan *reseptif* sanesipun inggih menika micara, katrampilan ngrakit ukara, kesagedan bab tata seratan utawi ejaan sarta paramasastra utawi *tata bahasa*. Paham babagan jinis-jinising seratan (*karanagan*), paham jinis-jinising paragraf sarta pangrembakanipun.

Kanthi wontenipun sinau nyerat menika, nggadhahi pangajab lumantar seratan para siswa saged gadhah katrampilan ngedalaken uneg-uneg, pamanggih, raos-pangraos ingkang wonten ing salebetung manah kanthi gampil. Para siswa saged ngrembakakaken daya kasagedanipun nyerat kangge ngedalaken pamanggih lan pengalamanipun pribadi piyambak-piyambak ingkang saged migunani ing panggesanganipun, upaminipun nyerat pengalaman pribadi ingkang wujud pengalaman ingkang ngguyokaen (lucu), pengalaman ingkang njengkelaken, pengalaman ingkang medeni, pengalaman ingkang nrenyuhaken menapa dene pengalaman ingkang ngisin-isini lan sanes-sanesipun ingkang saged kapacak ing *majalah*, sae wonten ing *majalah dinding (mading)*, kakentunaken lan kapacak ing kala warti- kalawarti menapa dene ari warti. Sedaya asiling seratan siswa ingkang sampun kapacak kala wau mujudaken pratandha sregep, grengseng lan trampling siswa.

Miturut kanyatan panyerat mrangguili, para siswa SMP Kabupaten Boyolali, mliginipun saking siswa SMP Negeri 4 Boyolali ngantos dumugi sapunika dereng kapanggihaken asiling seratan saking wedharing gagasan, pamanggih, utawi pengalaman pribadinipun ingkang abasa Jawi kapacak ing salah satunggaling majalah sae menika kapacak ing ari warti/majalah ingkang

medalipun saben dinten menapa dene ing majalah kalawarti/majalah ingkang medalipun naming kala-kala umpaminipun majalah saben seminggu pisan. Siswa ingkang sregep nyerat ingkang kasil kapacak ing *mading* kemawon saged kapetang.

Panyerat gadhah panduga bilih ingkang njalari kirang grengsenging ngumbar gagasan lumantar nyerat ngantos kapacak ing *mading* lan majalah-majalah sanesipun, inggih menika: 1) saking sekolahaniipun; 2) saking pribadi gurunipun utawi saged ugi; 3) saking dhiri pribadining siswa piyambak.

Sebab ingkang saking sekolahaniipun antawisipun; mboten wontenipun sarana ingkang saged nggigah lan nggrengsengaken pikiranipun lare kangge nyerat, upaminipun papan *mading* ingkang mboten nyekapi, ing sekolahaniipun mboten wonten bebungah kangge siswa ingkang kasil kapacak upamanipun paring arta, utawi paring piagam kangge siswa ingkang sregep nyerat. Ing tataran sekolah menapa dene tataran kabupaten awis-awis ngawontenake aben kawasian nyerat pengalaman pribadi, ing perpustakaan buku-buku waosan abasa Jawi ingkang mboten nyekapi kangge waosan para siswa.

Panyebab saking pihak guru umpaminipun; pamilihing *metode* sinau nyerat ingkang kirang trep, peprincening wekdal ingkang mboten nyekapi saengga sinau bab nyerat pengalaman pribadi kirang cetha anggenipun njlentrehaken dhateng lare. Amargi kirang cetha anggenipun njlentrehakin njalari lare kathah ingkang mboten mudheng, utawi anggenipun paring pambiji asiling sinau nyerat

kirang cetha paprinncenipun, saengga siswa sami gadhah pamanggih manawi sinau nyerat mliginipun nyerat pengalaman pribadi punika kirang prelu.

Panyebab saking dhiri pribadinipun siawa piyambak antawisipun: 1) amargi kiranging kasugihan tembung abasa Jawi upaminipun kirang bab pangetrapan unggah-ungguhing basa, kiranging seserepan bab panyeratan ingkang leres (ejaan), kiranging seserepan bab pangrakiting tembung dados ukara (paramasastra), lan sanes-sanesipun; 2) mboten purun nyerat kanthi pawadan mboten saged ngrembakakaken gagasan, utawi 3) inteligensi (*IQ*) siswa ingkang andhap, ingkang njalari angel dipunajak majeng, angel dipuntuturi, dangu anggenipun seget paham lan angel dipunarahaken dening gurunipun.

Paneliti gadhah panduga bilih kasugihaning tembung tuwin *IQ* wonten sambung rapetipun kaliyan asiling sinau nyerat pengalaman pribadi. Awit saking punika panelitit badhe naliti babagan sesambetanipun *IQ* lan kasugihaning tembung kaliyan asiling sinau nyerat pengalaman pribadi tumrap siswa kelas 7 ing SMP Negeri 4 Boyolali semester 2 warsa pamulangan 2013/2014.

Panci kepara leres bilih sejatosipun para siswa menika nglenggana saha mangertosi babagan perlunipun gadhah katrampilan nyerat minangka kangge sangu nglajengaken dhateng pawiyatan ing sangginggilipun. Nanging saben-saben kaparingan gladhen nyerat utawi damel *karangan*, para siswa terkadhang taksih rumaos kangelan lan kawraton. Miterat aturipun para siswa, bilih ingkang njalari kangelan kala wau ing antawisipun kangelan anggenipun migunakaken

paramasastra ingkang leres, kirang pana ing babagan ejaan utawi tata seratan, kirang babagan kasugihaning tembung (*penguasaan kosakata*), menapa dene kirang pana ing babagan pamilihing tembung utawi diksi, kesagedan ing babagan pangrembakaning *paragraf*.

Manawi dipunjingglengi kanthi saestu, panaliti gadhah panduga bilih ingkang anjalari andhaping asil sinau nyerat pengalaman pribadi, mliginipun siswa kelas 7 SMP Negeri 4 Boyolali inggih menika amargi andhapiipun kasugihaning tembung ingkang dipun-ginakaken kange ngrembakaken seratan utawi karangan wau. Dene andhapiipun kasugihaning tembung jalaran kiranging buku-buku waosan utawi buku cariyos ingkang mawi basa Jawi.

Saking andharan babagan ingkang njalari andhaping asil sinau nyerat kala wau, panaliti gadhah panduga bilih babagan kasugihaning tembung gadhah *andhil* sesambutan ingkang penting sanget sesambutan kaliyan paningkatan asil sinau nyerat pengalaman pribadi. Wawasan ingkang wiyar ing babagan kasugihaning tembung mujudaken sangu ingkang baku kange ngrembakaken seratan (*karangan*), jalaran nyerat (damel *karangan*) mujudaken pambudidaya ngudhar gagasan kanthi tembung-tembung ingkang dipunpahami lan dipunkuwaosi saking basa lisan dhateng basa seratan. Awit saking menika kasugihaning tembung perlu sanget tumrap siswa amrih sagd ngrembakuning paragraf dados asil seratan (*karangan*) ingkang sae.

Kasagedaning basa dening tetiyang, ing salebetipun kalebet nyerat, gumantung saking saking *kualitas* lan *kuantitas* kasugihaning tembung ingkang dipun-gadhahi. Sansaya kathah kasugihaning tembung ingkang dipun-gadhahi dening tetiyang, sansaya ageng ugi kemungkinanipun tetiyang trampil ing basanipun. Bab menika jumbuh kaliyan pangandikanipun Keraf (1986: 21) bilih sansaya kathah kasugihaning tembung ingkang dipun-gadhahi dening tetiyang, sansaya kathah ugi gagasan/uneg-uneg ingkang dipun-gadhahi. Tembungipun sanes bilih tetiyang ingkang kathah utawi sugih ing tembung utawi kasugihaning tembung menika inggil, tetiyang menika badhe kanthi gampil nindakaken kegiyatan-kegiyatan nyerat (*damel karangan*).

Kajawi menika panaliti ugi anggadhahi panduga bilih andhap-inggiling asil sinau nyerat (*damel karangan*) ugi wonten sesambutanipun kaliyan *IQ* siswa. Siswa ingkang *IQ*-nipun inggil, padatan asil seratan (*karangan*) ugi inggil. Kosokwangslipun siswa ingkang *IQ*-nipun andhap padatan asil seratanipun ugi andhap. Siswa ingkang *IQ*-nipun andhap limrahipun kirang saged nguwaosi babagan tata seratan/*ejaan*, kirang pana ing paramasastra, ugi kirang saged milih tembung ingkang pas kaliyan ukaranipun, sarta namung nggadhahi kasugihan bab tembung ingkang namung sekedhik ugi. Awit saking menika dipunanggep wigatos sanget bilih katemtuan pamilihing papan ing panaliten menika perlu dipun-gatosaken. Tegesipun nggatosaken babagan kesagedan bab basa, sastra,

kesagedan bab tembung lan *IQ* ingkang waradin. Wonten ingkang andhap, nanging ugi wonten ingkang inggil.

Pamilihing sekolahan menika minagka papan panaliten kanthi pawadan bilih SMP Negeri 4 Boyolali SMP ingkang dunungipun wonten satengahing kitha Boyolali, ingkang saged minangka wakil saking SMP-SMP sanesipun, amargi siswa-siswanipun waradin sae saking padesan lan ugi saking kitha. Kanthi waradin asaling siswa, panaliti gadhah panduga bilih kawasisanipun siswa utawi *IQ*-nipun siswa lan kasugihaning tembungipun ugi waradain. Siswa-siswa wau wonten ingkang *IQ*-nipun andhap, ugi wonten ingkang inggil, wonten ingkang kasugihaning tembung inggil utawi kathah, ugi wonten ingkang andhap utawi sekedhik. Beda kaliyan sekolah-sekolah pinggiran, temtu kemawon grengsenging sinau waradin sampun andhap, pramila pasinaon sanesipun ugi mekaten. Dene SMP ingkang dados pilihan para siswa ing wedal samenika SMP 1. Temtu kemawon *IQ* menapa dene bab kawruh kasugihaning tembung waradin inggil. Kanthi mekaten panaliti milih SMP Negeri 4 menika gadhah panduga bilih sekolah menika wonten ing tengah-tengah. Wonten ingkang inggil lan ugi wonten ingkang andhap kasugihaning tembung menapa dene *IQ*-nipun. Kanthi mekaten kaajab ingkang kawasisan, kasugihaning tembung menapa dene *IQ* inggil saged minangka wakil saking SMP ingkang tataran kawasisanipun inggil, dene ingkang kawasisanipun andhap ugi saged minangka wakil saking SMP ingkang tataranipun andhap.

B. Idhentitasing Prakawis

Katramilan nyerat mujudaken salah satunggaling aspek trampiling basa ingkang prelu sanget menggahing para siswa. Sansaya trampil nyerat, asiling sinau nyerat ugi sansaya sae. Nanging ngantos dumugi sapunika taksih kathah siswa ingkang kirang nggadhahi kasagedan nyerat kanthi leres, jumbuh kaliyan unggah-ungguhipun, pamilihing tembung tuwin parama sastra Jawi ingkang trep, mliginipun nyerat narasi pengalamanipun pribadi. Kirang trampiling siswa nyerat ingkang njalari andhaping asil sinau nyerat. Dene andhaping asil sinau nyerat punika ing antawisipun amargi:

1. Tataran andhap inggiling *IQ*
2. Kasugihaning tembung –tembung Jawi *ragam krama*
3. Kiranging kawasian babagan pangrakiting ukara ingkang jumbuh kaliyan parama sastra.
4. Kirang pana ing babagan ejaan.
5. Kirang pana ing babagan tegesing tembung, saingga pamilihing tembung boten pas.
6. Kiranging kulina gladhen babagan nyerat amargi kiranging seserepan babagan nyerat.
7. Kirang grengsenging nyerat, awit wontening *mading* ingkang mboten nyekapi.
8. Kiranging panjurung lan pambimbining guru dhateng para siswa tumrap kawasian nyerat.
9. Kiranging buku-buku waosan ing perpustakaan ingkang abasa Jawi.
10. Kirang trepipun *metode* sinau ingkang dipunginakaken deneng guru.

C. Watesaning Prakawis

Supados panaliten punika jumbuh kaliyan ingkang karembag, pramila panyeratan dipun watesi namung ngrembag babagan:

1. Sesambutan antawisipun *IQ* kaliyan asil sinau nyerat pengalaman pribadi.
2. Sesambutan antawisipun kasugihaning tembung mliginipun tembung Jawi *ragam krama* kaliyan asil sinau nyerat pengalaman pribadi.
3. Sesambutan antawisipun *IQ* lan kasugihaning tembung kanthi sareng-sareng kaliyan asil sinau nyerat pengalaman pribadi

D. Rumusaning Prakawis

Adhedhasar watesaning prakawis ing nginggil, rumusaning prakawis ingkang badhe kataliti inggih punika:

1. Punapa *IQ* wonten sesambetanipun ingkang *positif* lan *signifikan* kaliyan asil sinau nyerat pengalaman pribadi ?
2. Punapa kasugihaning tembung wonten sesambetanipun ingkang *positif* lan *signifikan* kaliyan asil sinau nyerat pengalaman pribadi ?
3. Punapa *IQ* lan kasugihaning tembung kanthi sareng-sareng wonten sesambetanipun ingkang *positif* lan *signifikan* kaliyan asiling sinau nyerat pengalaman pribadi?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar rumusaning prakawis ing nginggil, panaliten punika kanthi ancas :

1. Kangge mangertosi wonten lan mbotenipun sesambetan *IQ* kaliyan asiling sinau nyerat pengalaman pribadi.
2. Kangge mangertosi wonten lan mbotenipun sesambetan kasugihaning tembung kaliyan asiling sinau nyerat pengalaman pribadi.
3. Kangge mangertosi sesambetan *IQ* lan kasugihaning tembung kanthi sareng-sareng dhateng asiling sinau nyerat pengalaman pribadi.

F. Mumpangating Panaliten

Asiling panaliten punika kaajab saged mumpangat sae mumpangat *teoritis* punapa dene *praktis*, mumpangat kagem para bapak ibu guru punapa dene para siswa ing SMP Kabupaten Boyolali mliginipun SMP Negeri 4 Boyolali.

Mumpangat *teoritis*, asiling panaliten kaajab saged caos sumbang sih tumrap *teori* sinau ingkang wonten sambungrapetipun antawisipun *IQ* lan kasugihaning tenbung dhateng asiling sinau nyerat pengalaman pribadi.

Mumpangat *praktis*, asiling panaliten kaajab saged caos sumbang sih ingkang migunani tumrap indhaking kawasican nyerat pengalaman pribadi, ingkang wusananiipun saged ndayani indhaking asil sinau nyerat pengalaman pribadi para siswa.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Saking asil pirembagan ing bab IV ngajeng saged kapendhet dudutan bilih :

1. Asil pengujian hipotesis I nedahaken bilih wonten sesambutan ingkang signifikan lan positif antawisipun IQ kaliyan asil sinau nyerat pengalaman pribadi. Kabukten nilai F hitung (F_o) = 619,077. Saking daftar distribusi F ing taraf nyata $\alpha = 0,05$ kanthi dk pembilang 1 lan dk penyebut 63 kapanggihaken $F_t = 3,99$ saengga $F_o > F_t$. Kanthi mekaten *koefisien arah regresi* ingkang kapanggihaken *signifikan*. Dene nilai t hitung agengipun 24,881 lan nilai t tabel ing taraf *signifikansi* 5% inggih punika 1,99, saengga saged kapirsanan bilih t hitung langkung ageng tinimbang t tabel. Kanthi mekaten saged kapendhet dudutan bilih wonten pangaribawa ingkang *positif* IQ dhateng asil sinau nyerat pengalaman pribadi siswa SMP N 4 Boyolali. Awit saking punika sansaya inggil IQ siswa, asil sinau nyerat pengalaman pribadi ugi sansaya inggil. Kosok wangsulipun sansaya andhap IQ , asil sinau nyerat pengalaman pribadi ugi sansaya andhap.
2. Asil *pengujian hipotesis* kaping kalih nedahaken bilih wonten sesambutan ingkang signifikan lan positif antawisipun kasugihaning tembung kaliyan asil sinau nyerat pengalaman pribadi. Nilai F hitung (F_o) = 486,2. Saking daftar *distribusi F* ing taraf nyata $\alpha = 0,05$ kanthi dk pembilang 1 lan dk penyebut 63 kapanggihaken $F_t = 3,99$ saengga $F_o > F_t$. Kanthi mekaten

koefisien arah regresi ingkang kapanggihaken *signifikan* (*berarti*). Dene nilai t *hitung* 22,051 lan nilai t *tabel* ing *taraf signifikansi* 5% inggih punika 1,99. Kanthi mekaten t *hitung* langkung ageng katimbang t *tabel*. Dudutanipun inggih punika bilih wonten pangaribawa ingkang *positif* antawisipun kasugihaning tembung dhateng asil sinau nyerat pengalaman pribadi siswa SMP Negeri 4 Boyolali. Menawi kasugihaning tembung siswa sansaya inggil, Asil sinau nyerat pengalaman pribadi ugi sansaya inggil, sansaya andhap kasugihaning tembung, asil sinau nyerat pengalaman pribadi ugi sansaya andhap.

3. Ing *analisis regresi ganda* kapanggihaken *koefisien determinasi* ingkang agengipun 0,912. Kanthi mekaten saged kawastanan bilih IQ lan kasugihaning tembung kanthi sareng-sareng wonten sesambutanipun kaliyan asil sinau nyerat pengalaman pribadi ingkang agengipun 91,2%. Mujudaken sesambutan ingkang *positif*. Ing uji Fisser, kapanggihaken bilih F *hitung* 322,408 langkung ageng tinimbang F *tabel* 3,15. Awit saking punika saged dipunaturaken bilih antawisipun IQ lan kasugihaning tembung kanthi sareng-sareng wonten sesambutanipun ingkang *positif* lan *signifikan* kaliyan asil sinau nyerat pengalaman pribadi siswa SMP Negeri 4 Boyolali.

B. Implikasi

Kanthi panaliten ingkang ancasipun kepengin mangertosi wonten lan mbotenipun sesambutanipun antawisipun IQ lan kasugihaning tembung kaliyan asil sinau nyerat pengalaman pribadi tetiga hipotesis sampun kabukten bilih IQ

kaliyan asil nyerat pengalaman pribadi saha kasugihaning tembung kaliyan asil nyerat pengalaman pribadi wonten sesambetanipun, sae kanthi piyambak-piyambak punapa dene kanthi sareng-sareng.

Awit saking punika implikasi pasinaon nyerat pengalaman pribadi prayogi nggatosaken intelelegensi lan kasugihaning tembung ingkang dipun-gadhahi siswanipun. Siswa ingkang sampun kabukten andhap *intelegensinipun*, ampun dipunpeksa-peksa kanthi cepet lan wekalal ingkang cekak kedah lulus saking watesing lulusan (KKM), punapa malih duka-duka dhateng siswa amargi bijinipun awon utawi siswa angel anggenipun nampi materi pasinaon. Anggenipun paring materi pasinaon langkung prayogi dwija mboten nggebyah uyah antawisipun siswa ingkang *IQ-nipun* inggil kaliyan siswa ingkang *IQ-nipun* andhap. Siswa ingkang *IQ-nipun* andhap anggenipun maringi materi pasinaon kanthi alon-alon, dipun wongsal-wangsuli ngantos piyambakipun mudheng.

Kajawi punika, dwija prayogi nggatosaken ugi bab kasugihaning tembung. Temtu kemawon bab kasugihaning tembung siswa setunggal lan satunggalipun ugi mboten sami. Dhateng siswa ingkang kasugihaning tembung andhap utawi namung sekedhik, langkung prayogi dwija paring gladhen bab kasugihaning tembung ingkang sakalangkung makaping-kaping, ngantos piyambakipun gadhah kesagedan bab titi tembung ingkang sakalangkung kathah. Kanthi punika ancasing pasinaon saged jumbuh ingkang ginayuh.

C. Pamrayogi

Adhedhasar dudutan saha implikasi panaliten ingkang sampun kaserat ing nginggil, keparenga panaliti atur pamrayogi:

1. Atur Pamrayogi kangge Siswa SMP Negeri 4 Boyolali
 - a. Kaajab para siswa ngulinakaken gladhen nyerat pengalaman pribadinipun kanti ajeg, mboten sisah ajrih lan kuwatos menawi lepat.
 - b. Kaajab para siswa nambah kesagedanipun bab kasugihaning tembung, ingkang njalari indhaking asil sinau nyerat.
2. Atur Pamrayogi kangge Bapak Ibu Dwija Basa Jawi Ing SMP Negeri 4 Boyolali
 - a. Prayoginipun bapak ibu dwija paring gladhen ingkang bab kasugihaning tembung ingkang sakalangkung kathah, mliginipun dhateng siswa-siswa ingkang andhap kasugihanipun tembung
 - b. Prayoginipun bapak ibu dwija mangertosi tataran *IQ* siswa, saengga saged paring gladhen lan paring materi pasinaon ingkang beda dhateng siswa ingkang tataran *IQ*-nipun beda.
3. Atur Pamrayogi dhateng Lembaga Pawiyatan SMP Negeri 4 Boyolali
 - a. Prayoginipun SMP Negeri 4 Boyolali nyedyiani papan kange nempel asil pakaryan seratan siswa (mading) ingkang nyekapi, saengga siswa rumaos bombong manahipun menawi asil pakaryanipun dipunpacak ing papan mading.
 - b. Langkung prayogi SMP Negeri 4 Boyolali ugi asring-asring ngawontenaken aben kawasiswaan bab nyerat mliginipun nyerat pengalaman pribadi ingkang saged paring greget dhateng para siswa kange nggegulang lan nggladhi kesagedanipun.

- c. Langkung prayogi SMP Negeri 4 Boyolali kersa paring bebungah ingkang arupi punapa kemawon dhateng para siswa ingkang unggul piyambak asil seratanipun.

KAPUSTAKAN

- Ahmadi. 1990. *Strategi Belajar Mengajar Keterampilan Berbahasa dan Apresiasi Sastra*. Malang: Yayasan A3
- Akhadiah. 1997. *Pembinaan Kemampuan Menulis Bahasa Indonesia*. Bandhung: Erlangga.
- Arikunto, Suharsimi. 2002. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta.
- 2002. *Dasar-Dasar Evluasi Pendidikan*. Jakarta: PT Bumi Aksara
- Aziez, Furqanul dan A. Chaedar Alwasilah. 2000. *Pengajaran Bahasa Komunikatif Teori dan Praktek*. Bandung: PT Rosdakarya.
- Bukhari,M. 1997. *Pengantar Psikologi Pendidikan*. Bandung: Jeammars
- Departemen Pendidikan Nasional Pusat Bahasa Balai Bahasa Yogyakarta. 2006. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Kanisius.
- Ghozali, Imam. 2006. *Aplikasi Analisis Multivariate dengan Program SPSS*. Semarang: Badan Penerbit Universitas Diponegoro.
- Hadi, Sutrisno. 2004. *Metodologi Research Jilid 3*. Yogyakarta: Andi Yogyakarta.
- Hamalik, Oemar.1994. *Media Pendidikan*. Bandung: PT. Citra Aditya Bakti
- Hasan, S & Zainul. 1992. *Evaluasi Hasil Belajar*. Dekdikbud Dirjen Dikti Proyek Pembinaan Tenaga Kependidikan. Jakarta: Depdikbud
- Irman, Mokhamad. 2008. *Bahasa Indonesia 1 Untuk SMA/MAK*. Jakarta: Depdiknas.
- Keraf, Gorys. 2000. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Lembaga Psikologi Terapan Citra Indonesia. *Laporan Pemerisaan Psikologis SMP Negeri 4 Boyolali Kelas VII Tahun Ajaran 2013-2014*. Surakarta 22 November 2013.
- Limas. 2007. *EYD Plus*. Lima Adi Sekawan: Jakarta.

- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana: Teori, Metode & Aplikasi Prinsip-Prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Moh. Uzer Usman dan Lilis Setiawati (1993). *Upaya Optimalisasi Kegiatan Belajar Mengajar*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Nana Sujana. 1995. *Penilaian Hasil Belajar Mengajar*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Nazir, Muhammad. 2005. *Metode Penelitian*. Bogor: Ghalia Indonesia.
- Nugraha, Agung. 2005. Strategi Jitu Memilih Metode Statistik Penelitian dengan SPSS. Yogyakarta: Andi Yogyakarta
- Nurgiantoro, Burhan. 2001. *Penilaian dalam Pengajaran Bahasa dan Sastra*. Yogyakarta: PT BPFE.)
- 1988. *Penilaian dalam Pengajaran Bahasa dan Sastra*. Yogyakarta: PT BPFE.
- Panitia Kongres Bahasa Jawa. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastraa Djawa*. Batavia: JB Wolters Uitgevers Maatschappij.
- Program Studi Pendidikan Bahasa Program Pasca Sarjana Universitas Widya Dharma. 2014. *Buku Pedoman Penulisan Tesis*. Klaten: Unwidha.
- Riwidikdo, H. 2012. *Statistik Kesehatan*. Yogyakarta: Nuha Medika.
- Samsuri. 1975. *Analisis Bahasa*. Erlangga: Jakarta.
- Santoso, Singgih. 2001. Mengolah Data Statistik Secara Profesional. Jakarta: PT Alex Media Komputindo.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu.2008. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Semi, M. Atar. 1990. *Menulis Efektif*. Padang: Angkasa Raya
- Semiawan, Conny. 2000. *Relevansi Kurikulum Pendidikan Masa Depan dalam membuka Masa Depan Anak-Anak Kita: Mencari Kurikulum Pendidikan Abad XXI*. Yogyakarta: Kanesius.
- Slameto. 1995. *Belajar dan Faktor-faktor yang Mempengaruhinya*. Jakarta: Pustaka Sinar Harapan.

- Soedjito. 1992. *Kosakata Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Sudijono., Anas. 2000. *Pengantar Ststistik Pendidikan*. Jakarta: PT RajaGrafindo Persada.
- Sudijono, Anas. 2006. *Pengantar Evaluasi Pendidikan*. Jakarta: PT RajaGrafindo Persada.
- Sudjana, Nana. 2000. *Dasar-dasar Proses Belajar Mengajar*. Bandung: PT. Sinar Baru Algensindo
- Sugiyono. 2012. *Statistik untuk Penelitian*. Bandung: Alfabeta
..... 2010. *Metode Penelitian Pendidikan* (Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif dan R & D). Bandung: Alfabeta
- Sukardi. 2011. *Metodologi Penelitian Pendidikan Kompetensi dan Praktiknya*. Jakarta: PT Bumi Aksara.
- Sukmadinata, Nana Syaodih. 2005. *Landasan Psikologi Proses Pendidikan*. Bandung: PT.Remaja Rosdakarya.
- Suliyanto. 2008. Bebakalan Sinau Basa Jawa. Sukoharjo: CV. Cendrawasih
- Sutardjo, Imam.2008. *Kawruh Basa saha Kasusastran Jawi*. Surakarta: Jurusan Sastra Daerah Fakultas Sastra dan Seni Rupa Universitas Sebelas Maret.
- Tarigan, Henri Guntur. 2008. *Menulis Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.)
..... 1984. *Telaah Buku Teks Bahasa Indonesia*. Angkasa: Bandung.
- Tim Penyusun Kamus Pusat Bahasa. 2005. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Triningsih, Diah Erna. 2009. *Diksi (Pilihan Kata)*. Klaten: PT. Intan Pariwara
- Triyono. 2013. *Metodologi Penelitian Pendidikan*.Yogyakarta: Penerbit Ombak.
..... 2008. *Metode Penelitian Pendidikan*. Klaten: Unwidha
- Wijaya. 2008. *Uji Asumsi Klasik Regresi Linier*. Cirebon: Universitas Gunung Jati Cirebon.

Keraf, Gorys. 1989: 67) menjelaskan bahwa alinea yang baik dan efektif harus memenuhi ketiga syarat berikut:

- a) *Kesatuan*: yang dimaksud dengan kesatuan dalam alinea adalah bahwa semua kalimat yang membina alinea itu secara bersama-sama menyatakan suatu hal, suatu tema tertentu.
- b) *Koherensi*: yang dimaksud dengan adalah kekompakan hubungan antara sebuah kalimat dengan kalimat yang lain yang membentuk lainea itu.
- c) *Perkembangan alinea*: perkembangan alinea adalah penyusunan atau perincian daripada gagasan-gagasan yang membina alinea itu.

Ismawati, Isti. 2008. Buku ?

Arikunto, Suharsimi. 2002. Populasi dan Sampel Buku ?

Ismawati, Esti. 2009. Validitas data?

